



## GID MEDIKAMAN

**Konprime Mifepristone (Mi-fe-pris-tòn), 200 mg, pou pran nan bouch**

Li enfòmasyon sa yo ak anpil atansyon anvan ou pran konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol. Li pral ede w konprann kòman tretman an fonksyone. Gid Medikaman sa a pa pran ranplase yon chita pale avèk founisè swen sante w.



**GenBioPro**  
METE AKSÈ AN PRATIK

## Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen dwe konnen apwopo konprime Mifepristone, 200 mg?

**Ki sentòm ki dwe enkyete m?** Byenke krang ak senyen se yon pati ki prevwa yo lè yo mete fen nan yon gwo sès, raman, senyen, enfeksyon, oswa lòt pwoblèm grav ki ka mete lavi an danje ka rive apre yon foskouch, avòtman chirijikal, avòtman medikal, oswa akouchman. Li nesesè pou chèche swen medikal san pèdi tan nan sikonstans sa yo. Enfeksyon grav te lakòz lanmò nan yon kantite ka ki piti anpil. Pa gen okenn enfòmasyon ki montre ke itilizasyon konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol te lakòz lanmò sa yo. Si w gen nenpòt kesyon, enkyetid, oswa pwoblèm, oswa si w enkyete pou nenpòt efè segondè oswa sentòm, ou dwe kontakte founisè swen sante w. Ou ka ekri nimewo telefòn founisè swen sante w lan la a:

(        )

---

Asire ke w kontakte founisè swen sante w touswit si w gen nenpòt nan sa ki pral site la yo:

- Gwo Senyen.** Kontakte founisè swen sante w touswit si w senyen ase pou w tranpe travèse de kotèks epè gwo dimansyon pa èdtan pandan dezèdtan youn apre lòt oswa si w gen enkyetid pou gwo senyen. Kay apeprè 1 fanm sou 100, senyen an ka tèlman anpil li nesesite pou fè yon entèvansyon chirijikal (aspirasyon chirijikal oswa D&C).

▪ **Doulè vant oswa "Santi w Malad."** Si w gen doulè oswa malèz nan vant, oswa ou "santi w malad", sa gen ladan feblès, kèplen, vomisman, oswa dyare, avèk oswa san lafyèv, pandan plis pase 24 èdtan apre w fin pran misoprostol, ou dwe kontakte founisè swen sante w san pèdi tan. Sentòm sa yo petèt yon siy yon enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm (sa gen ladan yon gwo sès ektopik, yon gwo sès deyò matris la).

▪ **Lafyèv.** Nan jou yo ki apre tretman an, si ou gen yon lafyèv 100.4°F oswa pi wo ki dire plis pase 4 èdtan, ou dwe kontakte founisè swen sante w touswit. Lafyèv la ka sentòm yon enfeksyon grav oswa yon lòt pwoblèm.

**Si ou pa kapab kontakte founisè swen sante w, ale nan sèvis dijans lopital ki pi pre a.**

**Kisa pou w fè si w ansent toujou apre tretman konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol.** Si w ansent toujou, founisè swen sante w lan pral pale avèk ou sou yon entèvansyon chirijikal pou mete fen nan gwo sès ou an. Nan anpil ka, entèvansyon chirijikal sa a ka fèt nan kabinè a/klinik la. Yo pa konnen risk ki genyen pou domaj nan nesans si gwo sès la pa fini.

**Pale ak founisè swen sante w.** Anvan ou pran konprime Mifepristone, 200 mg yo, ou dwe li Gid Medikaman sa a epi oumenm ak founisè swen sante w lan dwe pale sou avantaj ak risk ou genyen lè w itilize konprime Mifepristone, 200 mg.

## Kisa konprime Mifepristone, 200 mg yo ye?

**Yo itilize konprime Mifepristone, 200 mg, nan yon rejim avèk yon lòt medikaman preskripsiyon yo rele misoprostol, pou mete fen nan yon gwochè bonè.** Gwochè bonè siyifi gen 70 jou (10 semèn) oswa mwens depi dènye peryòd règ ou te kòmanse. Konprime Mifepristone, 200 mg, pa apwouve pou mete fen nan gwochè ki déjà rive pi lwen. Konprime Mifepristone, 200 mg, bloke yon òmòn ki nesesè pou gwochè ou an kontinye. Lè w sèvi ak konprime Mifepristone, 200 mg, nan Jou 1, ou dwe pran yon lòt medikaman tou ki rele misoprostol 24 a 48 èdtan apre w fin pran konprime Mifepristone, 200 mg, pou lakòz gwochè la pase sot nan matris ou.

Gwochè la gen anpil chans pou li pase sot nan matris ou nan 2 a 24 èdtan apre w fin pran konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol. Lè gwochè la pase sot nan matris la, ou pral gen senyen ak kramp ki pral pwobableman plis pase peryòd règ nòmal ou. Apeprè 2 a 7 fanm sou 100 ki pran konprime Mifepristone, 200 mg, ap bezwen yon entèvansyon chirijikal paske gwochè la pa te pase konplètman sot nan matris la oswa pou sispann senyen.

## Kimoun ki pa dwe pran konprime Mifepristone, 200 mg?

Sèten pasyan pa dwe pran konprime Mifepristone, 200 mg. Pa pran konprime Mifepristone, 200 mg, si ou:

- Genyen yon gwochè ki gen plis pase 70 jou (10 semèn). Founisè swen sante w lan ka fè yon egzamen klinik, yon egzamen ekografik, oswa lòt tès pou detèmine jouk kikote ou ye nan gwochè la.
- Itilize yon IUD (aparèy oswa sistèm andedan matris). Yo dwe retire li anvan ou pran konprime Mifepristone, 200 mg.
- Founisè swen sante w te di w ou gen yon gwochè andeyò matris la (gwochè ektopik).
- Gen pwoblèm nan glann sirenal ou yo (ensifizans sirenal kwonik).
- Pran medikaman yo pou delye san ou.
- Gen yon pwoblèm senyen.
- Gen pòfiri.
- Pran sèten medikaman estewoyid.
- Fè alèji ak mifepristone, misoprostol, oswa medikaman ki gen misoprostol, tankou Cytotec oswa Arthrotec.

Mande founisè swen sante w si w pa fin konnen tout pwoblèm medikal ou yo anvan w pran medikaman sa a dekwa pou w konnen si w ka pran konprime Mifepristone, 200 mg.

## Kisa mwen dwe di founisè swen sante m anvan m pran konprime Mifepristone, 200 mg?

**Anvan ou pran konprime Mifepristone, 200 mg, di founisè swen sante ou si ou:**

- Pa kapab vin swiv nan aperè 7 a 14 jou apre premye vizit ou an.
- Ap bay tête. Konprime Mifepristone, 200 mg, ka pase nan lèt tête ou. Yo pa konnen efè rejim konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol sou tibebe ki nan tête a oswa sou pwodiksyon lèt.
- W ap pran medikaman, sa gen ladan medikaman preskripsiyon ak medikaman san preskripsiyon, vitamin, ak sipleman abaz plant.

Konprime Mifepristone, 200 mg, ak kèk lòt medikaman ka afekte youn lòt si yo itilize yo ansanm. Sa ka lakòz efè segondè.

---

## Kòman pou m pran konprime Mifepristone, 200 mg?

- Yon founisè swen sante oswa famasi pral ba w konprime Mifepristone, 200 mg.
- Oumenm ak founisè swen sante w lan pral planifye kote ki pi apwopriye pou w pran misoprostol la, paske li ka lakòz senyen, krang, kèplen, dyare, ak lòt sentòm ki kòmanse anjeneral nan 2 a 24 èdtan apre w fin pran li.
- Pifò fanm pral pase gwosès la nan 2 a 24 èdtan apre yo fin pran konprime misoprostol yo.


Swiv esplikasyon ki anba a sou fason pou w pran konprime Mifepristone, 200 mg ak misoprostol: konprime Mifepristone, 200 mg, (1 konprime) nan bouch + misoprostol (4 konprime) nan bouch

### Jou 1:

- Pran 1 konprime Mifepristone 200 mg nan bouch.

### 24 a 48 èdtan apre yo fin pran konprime Mifepristone, 200 mg:

- Mete 2 konprime nan chak pòch bò anndan bouch pou pran 4 konprime misoprostol (zòn ki genyen ant dan w ak machwè w — gade nan Figi A) pandan 30 minit epi apresa vale tout bagay ki rete avèk yon vè dlo oswa yon lòt likid.



**Figi A**

2 konprime ant bò anndan goch bouch ou ak jansiv ou epi  
2 konprime ant bò anndan dwat bouch ou ak jansiv ou.

- Medikaman yo gendwa pa aji byen si ou pran misoprostol pi bonè pase 24 èdtan apre konprime Mifepristone, 200 mg, oswa pita pase 48 èdtan apre konprime Mifepristone, 200 mg.
- Misoprostol souvan lakòz kranp, kèplen, dyare, ak lòt sentòm. Founisè swen sante w ka voye w lakay ou avèk medikaman pou sentòm sa yo.

#### **Evalyasyon Swivi nan Jou 7 jiska 14:**

- Evalyasyon swivi sa a trè enpòtan. Ou dwe fè swivi avèk founisè swen sante w la nan aperè 7 a 14 jou apre ou fin pran konprime Mifepristone, 200 mg, pou asire ke w byen, ke ou te gen senyen, epi gwochè la te pase sot nan matris ou.
- Founisè swen sante w la pral evalye si gwochè ou an te soti nan matris ou. Si gwochè ou an kontinye, yo pa konnen risk ki ka genyen pou domaj nan nesans. Si w ansent toujou, founisè swen sante w lan pral pale avèk ou sou yon entèvansyon chirijikal pou mete fen nan gwochè ou an.
- Si gwochè ou te fini, men li poko fin pase nèt nan matris ou, founisè swen w lan pral pale avèk ou sou lòt chwa ou genyen, sa gen ladan tann, pran yon lòt dòz misoprostol, oswa fè yon entèvansyon chirijikal pou vide matris ou.

#### **Kilè mwen dwe kòmanse kontwòl nesans?**

Ou ka vin ansent ankò touswit apre gwochè ou an fini. Si ou pa vle vin ansent ankò, kòmanse itilize kontwòl nesans dèke gwochè ou fini oswa anvan ou kòmanse nan fè sèks ankò.

---

#### **Kisa m dwe evite pandan m ap pran konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol?**

Pa pran okenn lòt medikaman sou preskripsyon oswa san preskripsyon (sa gen ladan medikaman oswa sipleman abaz plant) nenpòt lè pandan peryòd tretman an san w pa mande founisè swen sante w enfòmasyon sou yo anvan, paske yo ka jennen tretman an. Mande founisè swen sante w enfòmasyon sou ki medikaman ou ka pran pou doulè ak lòt efè segondè yo.

## Ki efè segondè ki posib yo ak konprime Mifepristone, 200 mg, ak misoprostol?

**Konprime Mifepristone, 200 mg, ka lakòz efè segondè grav.**

Gade nan "Ki enfòmasyon ki pi enpòtan mwen dwe konnen apwopo konprime Mifepristone, 200 mg?"

**Kramp ak senyen.** Yo prevwa kramp ak senyen nan vajen avèk tretman sa a. Anjeneral, sentòm sa yo siyifi ke tretman an ap mache. Men pafwa ou ka gen kramp ak senyen epi ou ansent toujou. Se rezon sa ki fè ou dwe fè swivi avèk founisè swen sante ou aperèr 7 a 14 jou apre w fin pran konprime Mifepristone, 200 mg. Gade nan "Kòman pou m pran konprime Mifepristone, 200 mg?" pou jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon swivi ou. Si w pa déjà ap senyen apre w fin pran konprime Mifepristone, 200 mg, w ap kòmanse senyen pwobableman on fwa ou pran misoprostol, medikaman ou pran nan 24 a 48 èdtan an apre konprime Mifepristone, 200 mg. Ou ka atann pou senyen an oswa pèt san yo dire an mwayèn 9 a 16 jou epi yo ka dire jiska 30 jou. Senyen ou an ka sanble ak yon peryòd nòmal ki koule anpil, oswa plis pase sa. Ou ka wè boul san ak tisi. Sa se yon pati prevwa nan pase gwochè la.

Efè segondè ki pi kouran ak tretman konprime Mifepristone, 200 mg, gen ladan: kèplen, feblès, lafyèv/frison, vomisman, maltèt, dyare, ak vètij. Founisè swen w lan ap di w kòman pou w jere nenpòt doulè oswa lòt efè segondè. Sa yo pa reprezante tout efè segondè ki posib yo ak konprime Mifepristone, 200 mg.

Rele founisè swen sante w lan pou w jwenn konsèy medikal sou nenpòt efè segondè ki deranje w oswa ki pa disparèt. Ou ka rapòte efè segondè yo ba Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) nan 1-800-FDA-1088.

Enfòmasyon jeneral sou utilizasyon konprime Mifepristone, 200 mg san danje epi avèk efikasite.

Pafwa yo preskri medikaman pou lòt rezon ki pa pou rezon ki endike nan yon Gid Medikaman. Gid Medikaman sa a bay rezime enfòmasyon ki pi enpòtan konsènan konprime Mifepristone, 200 mg. Si ou ta vle jwenn plis enfòmasyon, pale avèk founisè swen sante w. Ou ka mande founisè swen sante w lan enfòmasyon sou konprime Mifepristone, 200 mg, ke yo ekri pou pwofesyonèl swen sante yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou  
konprime Mifepristone, 200 mg, ale sou  
**[www.MIFEINFO.com](http://www.MIFEINFO.com)**  
oswa rele nan  
**1-855-MIFEINFO**  
(1-855-643-3463).